

A Jesu Mudzikinuri wedu.

- ❖ Mulsiraeri yekare, munhu aigona kutorwa somuranda kuti aripe zvikwereti zvake (Revhitiko 25:47). Kana vasina kuripa, vaiitwa varanda kusvikira Gore reJubheri (Revhitiko 25:54). Zvisinei, hama yepedyo yaigona kushanda somudzikinuri wavo nokuripa chikwereti chavo nokudaro ndokuvusunungura (Revhitiko 25:48-49).
- ❖ Tose takava varanda vechivi kubvira pakatadza Adhamu. Takatengeswa kuna Satani sevaranda. Jesu akava munhu. Ihama yedu, hama yedu yepedyo, Mudzikinuri wedu (VaHebhuru 2:14-16). Akabhadhara chikwereti chedu ngerufu rwake.

B Jesu haane nyadzi.

- ❖ Jesu akanga ari Mambo wezvinhu zvose. Akava mumwe werudzi rwakanga rwakapinzwa muuranda hwechivi. Akanga asinganyari kuva rutivi rwemhuri yavaranda, mhondi, varombo, uye nzenza navatadzi vanozvidzwa.
- ❖ Tinonyara here kutaura kuti Jesu—Mambo wezvinhu zvose—ihama yedu(Mateo 10:32-33; 2Timotio1:8)?

C Jesu akafanana nesu.

- ❖ Mashoko okuti “nyama neropa” akashandiswa mune zvimwe zvikamu zveBhaibheri kureva zvakaipa pamusoro pevanhu: kusanzwisisa (Mateo 16:17; VaGaratia 1:16); kutadza kuva vana vaMwari(Johani 1:12-13); kuzviisa pasi perufu (1 VaKorinde 15:50); vutera (VaEfeso 6:12).
- ❖ Jesu akava “nyama neropa,” nokudaro achiwana utera hwohunhu. Zvisinei, Akanga akasiyana nesu neimwe nzira. Haana kumbotadza, uye hunhu hwake hwemunhu hwaive hutsvene, husina mhosva, uye husina gwapa (VaHebhuru 4:15; 7:26). Nenzira iyi akakwanisa kuparadza simba radhiabhorosi uye kutisunungura kubva kuchivi.

D Jesu akakwaniswa.

- ❖ Kana Jesu akanga atokwana, nei aifanira kuitwa akakwana(VaHebhuru 5:7-9)?
 - Chekutanga, Akanamata kuna Mwari (VaHebhuru 5:7).
 - ✓ Jesu akanyengetera kuti Anunurwe kubva murufu, asiwo kuti kuda kwaMwari kuitwe pamusoro pezvose (Mt. 26:39). Mwari haana kumununura kubva pakurovererwa, asi akamununura kubva pasimba rerufu. Munamoto Wake wakapindurwa nekumuka Kwake.
 - Chepiri, Akadzidza kuteerera (VaHebhuru 5:8).
 - ✓ Jesu akadzidza kuteerera paaiva paNyika. Akazvipira kuita kuda kwaMwari paGetsemane. Haana kumbobvira atererera mumwe munhu, nekuti Aive Mwari. Kunyange zvakadaro, Aifanira kudzidza kuteerera somunhu kuti ave Muponesi wedu, achizviisa pasi pokuda kwaMwari.
 - Chetatu, Akakwaniswa (VaHebhuru 5:9).
 - ✓ Kukwana kwaJesu kwaiva mugumisiro wokuteerera kwake kwokuzvipira. Zvakamugadzirira kuti ave Mupristi wedu Mukuru wekudenga(VaHebhuru 2:17-18).

E Jesu ndiye muenzaniso wedu.

- ❖ Muna VaHebheru 11, Pauro akataura nezvevanhu vakawanda vakanga vakatendeka kuna Mwari. Bva, akatikurudzira kutevera muenzaniso wake wokutenda kupfurikidza nokusiya chivi ndokumhanyira kunhangemutange.
- ❖ Ndokubva, azivisa Jesu somuenzaniso wedu. Ndiye muvambi nemukwanisi wekutenda kwedu. Ndiye mavambo nemagumo. Ndiye, uye acharamba ari muenzaniso wedu.
- ❖ Apo patinomutevedzera, tiri kukwaniswa zuva nezuva (2 Vakorinte 3:18).